

## The School Mural/Miray Yon Lekòl



Yon jou maten, Madmwazèl Sanchez di klas li a: “Mwen gen nouvèl pou nou. Talè konsa lekòl nou an pral gen senkant ane. Nou pral envite tout paran yo le vennsenk me pou yo vinn selebre evennman sa a.”

Madmwazèl Sanchez di, “ Chak klas dwe reflechi sou yon pwojè. Pwojè a dwe pale de lekòl la ak kominote nou an.” Paul tap mande ki sa nou ta sipoze fè. Pandan yo ale nan rekreyasyon sou lakou lekòl la, Yo tap pale. Mei Lee di: “ An nou ekri yon chante oubyen fè yon pyès teatral pou pwojè a.” Paul di: ” Nou fè tout sa yo déjà. Pandan Mei Lee tap monte yon **balansin** li wè yon gwo tablo penti sou yon mi. Li di:” Ann fè yon penti sou mi.”

Apre midi rive Madmwazèl Sanchez mande yo: Ki sa yo te deside.” Paul te vle itilize konpitè a pou li fè yon gwo **bandwòl**. Maria li menn te vle fè makè pou make paj liv. Ide Edwina li menm, se pou yo fè yon gwo kat e fè tou moun siyen li. Se lè sa a Mei Lee di: “An nou pentire yon gwo mi nan lekòl la.” Ted mande, Kijan nap fè sa.”

Madmwazèl Sanchez fè yon lis sou tablo a ak tout sa timoun yo te di yo envi fè, e mande yo pou yo vote nan klas la. Sèz timoun leve men yo e vote

pou yo fè penti sou yon mi lekòl la. Madmwazèl Sanchez di se yon bon chwa konsa nap ka montre fyète lekòl nou an.

Madmwazèl Sanchez di: « Moun diferan kilti pentire anpil mi pou pale de kominote yo se konsa nan tan lontan moun ki te konn viv nan **kav** te konn fè desen sou wòch, se sa ki bann nou infòmasyon sou ki jan moun sa yo te konn viv. »

Timoun yo pale fanmi yo de penti sou mi an. Pandan twa semèn klas la travay sou penti sou mi an. Toudabò, yo **planifye** sa pou yo desinen. Apre sa, pwofesè desen an ede timoun yo trase plan yo. Yo kòmanse pa gwoup de ven paske tout moun pat ka pentire ansanm. Anpil paran te ede pentire sitou kote wo nan mi an. Travay la pat fasil men li te amizan.

Kèk bagay amizan ki te pase, se lè yon jou Paul teke bokit penti an e tout penti an te vole sou li. Apre sa li glise e mete men li sou mi an. Konsa li kite **enprent** li sou mi an. Tout moun te twouve li bèl, konsa anpil timoun te ajoute enprent pa yo.

Yon lòt jou, se Angelina ki tap pentire sou yon nechèl e penso an tonbe nan bokit penti an ki voye sou tout tèt Beto. Cheve Beto vin tou vèt ak penti.

Lè penti sou mi an fini, Mesye Ford rele yon **jounalis** ki travay pou yon jounal vin poze klas la keksyon sou pwojè a. Li pran non tout moun, li pran foto penti sou mi an ak tout timoun ki te pentire **miray** la kanpe devan l. Li di timoun yo pou siveye lè atik la ap soti nan jounal la. Tout moun vin gade penti sou mi an. Yon **vwazen** di timoun yo mèsè poutèt yo fè yon si bèl penti. Li fè timoun yo konnen moun ap renmen penti sou mi lekòl yo a pou anpil ane.

Apre yon semenn, atik la soti ak yon gwo foto mi an. Tit nan jounal te di konsa : « FYÈTE TIMOUN NAN YON LEKÒL »

## **Aktivite**

### **Mwen konprann istwa a**

1. Madmwazèl Sanchez te pale de yon pwojè. Ki sa pwojè te ye? E nan ki okasyon timoun yo tap mete pwojè sa a nan ekzekisyon?
2. Ki ide timoun yo te genyen?
3. Ki ide Lee Mei te genyen?
4. Ki ide yo te chwazi? E Kòman yo te fè chwa a?
5. Konbyen timoun ki te vote pou pentire mi an?
6. Poukisa vote se yon bon jan pou Madmwazèl Sanchez te chwazi pou fè pwojè a?
7. Poukisa otè a pale de sa ki pase pandan yo tap pentire mi a?
8. Poukisa timoun yo mete enprent yo sou mi an?
9. Kijan cheve Beto fè vin vèt?

### **Ann nou panse sou istwa a**

1. Fè yon rezime ak pwòp mo w pou pale de istwa a.
2. Ki diferans ki genyen ant Mesye Samuel ak Madmwazèl Sanchez?
3. Istwa di yo te pentire an gwoup de ven. Ki sa ki ka rive si tout timoun tap pentire ansanm?
4. Idantifye yon pwoblèm nan istwa a, e ki jan pwoblèm nan te rezoud?
5. Gen 2 mo nan istwa a ki vle di menn bagay. Ki mo sa yo ye?

## **Vokabilè**

### **Ki sa mo sa yo vle di?**

Balansin

kav

Planifye

Jounalis

Vwazen

Miray

**A pati de mo sa yo , ki lòt mo nou ka fòme**

<b>pwo</b>	Pwojè, pwoblèm
<b>gen</b>	
<b>sen</b>	
<b>balan</b>	
<b>Vwa</b>	
<b>Kon</b>	
<b>Jou</b>	
<b>en</b>	